

(...)00 sec

Niryo jambo twaronse ubwa mbere ritubwira inkuru za bantu babiri baboshwe n'abandi benshi kandi bakaba baboshwe atari abanyavyaha batakoze ivyaha paulo na sila, iryo niryo jambo twaronse.

Paulo na sila muri ako gasho, muri iryo bohero, Imana yarababona niho rero babonye yuko bazovanwa naho hantu niki? No gusenga gusa, no gutazira Imana. Iyo niyo mpamba twaronse. Bisigura neza yuko twari twinjiye mu mwaka mushasha w'ibihumbi bibiri na cumi na gatanu (2015) Imana itweretse yuko tugiye kwinjira nkuko ubona twinjiye mw'ibohero. Hama (hanyuma) irindi jambo twaronse riri muri matayo 7:7 ivyo biharuro indwi vyaradutangaje, matayo igice c'indwi umurungo w'indwi havuga ngo: "musabe muzohabwa, naho turi mu gasho, tumeze nkabari mw'ibohero musabe muzohabwa, murondere muzoronka, mudodore muzogira gute, muzokugururirwa." Iyo ibaye impamba igira kabiri. Irindi jambo twaciye turonka rigira gatatu ni muri Yeremiya 33 :1-3. Naho nyene dusanga rigaruka muri vyabindi vy'ibohero ngo Yeremiya acugaraniwe mw'ibohero yaramenye yuko Imana niyo ibikora, ikagira gute? Niyo ibirema, niyo ibikora, ikabikomeza. Mpamagara ndakwitaba nkwereke ivyikinze, ivyinyegeje, nivyo utari bwagire gute? Utari bwamenye.

Ntitwokwibagira neza yuko umwaka tugiye kuwuzozera harabaye igitero, ico gitero kiba turi hehe? Mu masengesho nk'uku nyene cabaye mu Cibitoke. Tutarahaze n'amasengesho, itariki mirongo itatu n'imwe (31), turi mu masengesho Imana iriyerekana yuko ari Imana, amasengesho yacu turayabandanya, turayasozera, twayasozereye ivyo umwansi vyose yateguye vyose Imana yabisambuye (Amashi). Bisigura ko Imana yacu dusenga ni Imana yumva, bakirenga urubibe, basanga imbibe z'uburundi zugawe n'Imana (Amashi).

Kuko abasoda n'abapolisi barakora mugabo ijamba ry'Imana ritubwira y'uko, abateramiye batarikumwe n'Imana baba bateramiye ubusa. Twebwe twari duteramiye dushimira Imana abandi bari ku mutego, icatumye Imana itabakundira ko bakubita urugohe, nuko twariko turasenga Imana, Imana igaca ikorana nabo, hama rero, ico gitero kigaca kimara umwanya urume rumara (Amashi).

Kwa kwezi kwa kabiri rero, igituma nagiyeye kubona ko ibintu bigiyeye gukomera gusumba, nuko mu bantu nabonye nijeje amabanga akomeye cane wovuga ati ni umuntu w'umwisigirwa woha amabanga akomeye kuburyo atakintu nakimwe nokwiyumvira nokora atazi uwo muntu nafashe umwanya wo gusenga kuko jewe nta muntu nshobora kwiyumvira mu mabanga akomeye ntabanje gusenga, ndasenga, ndasenga, ndumva yuko mpamagariwe ko uwo muntu ndamugira uwo nyene, hama ngize uwo nyene, nsanga hubwo munyuma mu kwezi kwa kabiri ngira ngo niyo ntambanyi ya mbere ibaho ntari bwabone mu buzima bwanje, uwo muntu nawe ni umuntu ajejwe amabanga akomeye cane kandi ndiko ndasenga ntahandi numvise ko atahandi umpamagariye atari kuri uwo muntu, none muntu (.....) "3min 11sec" ataramara n'amezi abiri ibi navyo bije gute? Urumva ni jewe nyene nirondereye umuntu nyene aza kungira imbohe kuko na Paulo na Sala nabo nyene abantu bamuboshe niwe yagiye kubironderera. Ivyo rero n'amabanga y'Imana gusa, mugabo Imana yabiretse biraba kuko (nahoye) "3min 27sec" Imana yoreka bikaba uko nyene, kugira umugambi wayo ushike utabizi kandi ugashika ukomeye cane, akari mu mpene niko kari no mu ntama.

Biheze urwo nirwo rwabaye urufunguruzo rwa mbere vyo kwugurura ibohero. Haca hakurikira abandi, bantu baza gusasagaza ivyo bintu. Bande? Abantu bitwa yuko ari abantu baza binyegeje mw'ijambo ry'Imana, ariko guhera mu kwezi kwa kabiri haciye hisukira urusukirane umwe aza uwundi agenda umwe aza uwundi agenda baraturira igihugu barakiyogeza. Baremeza neza ko igihugu kigiyeye kwaka umuriro utagira uko ungana, yuko atamatora azoba, wanashaka ko umukuru w'igihugu bazomwica, uyu yibereye ngaha nyene (Amashi). Baravyemeza, baratanga n'amatariki, baratanga n'amezi, Mana yanje !!Abo ni abantu (...) "4 min 07sec" bivuzwe n'umuntu wo mw'isengeru, bikavugwa n'uwundi muntu yereka ko ari umuvugabutumwa akomeye cane, mpuzamakungu akaza akadomera ngaha akaza akigisha, akumvisha abanyagihugu yuko intambara igiyeye kuba, ntamatora azoba, n'umukuru w'igihugu mwari mwishimiye bazomwica (...) "4min 26 sec" bitanguriye mu bantu baremesha imitima y'abantu vyaca bigenda gute ?

Abo bahavuye nabo, abandi bandi mu bimenyeshamakuru bati twatanzwe. Hari ibintu bishasha vyaje bashira mu ma telefone karabaye. Bamaze kuvuga ivyo witambukira ugiye kuramutsa abanyagihugu ati :“ bamurashe yapfuye kera ” ako si agasho none ?Bama bareretse gusa bati arafashe imodoka bati baramurashe.

Uno mwaka utanguye ukwezi kwa kane gutanguye,naciye numva Imana imbwiye ati rero burya akari mu mpene niko kari no muntama. Ayo mezi atatu ya mbere ukwa kabiri n’ukwa gatatu n’ukwa kane noneho, bitandukira n’abandi rero twitayuko aribo bodufashe mu mugongo, abantu ngira ngo nashaka kubabwira, abantu ngira ngo jewe mu mikorere y’iwanje noba naragiriye neza gusumba abandi nibo babaye aba mbere mu kumpemukira. Kandi nibo bantu novuga ngo n’abantu babizigirwa dufashe ingendo twagenda mu ndege tukagenda hagati mu gihugu, tukagenda mu ndege hanze abo bantu nibo babaye aba mbere babaye aba mbere mu guhemuka, sino kumpemuka gusa baciye bakwira igihugu cose bagenda barumvisha yuko ati: erega ntawundi asigaye inyuma y’urya muntu atari we wenyene. Ntahandi hantu nari kuronkera inyishu atari muri rya jambo ry’Imana ryarindi ngo Paulo na Sila bariko barasenga baririmbira Imana, Imana ica irugurura amatanguriro y’ibohero aca atangura kunyiganyiga ntimubifate ivyoroshe, n’abantu bita neza yuko twahora gukunda dusangira ugusenga wanashaka aya masengesho tuti amasengesho y’abantu babizigirwa ati: muze dusenge harya ku kirimba, nibo babaye abambere kandi kumvako kubera iki ? Imana yashaka kunyereka neza yuko uno mwaka, kwizera abantu ari kuba maso ahubwo wizere Imana kuko niyo yasezeranye niyo izoshitsa, kuko abana b’abantu bobo barahinduka kugeza aho niyumvira bakambwira na naka, na wa wundi nawe nyene yavuze ibi, nawa wundi nyene yavuze ibi, na wa wundi. Urya twama dusangira amasengesho agafanta, agacayi ni urya ? Mana yanje !! Kuko mu gasho niyo umuntu agiye kuraba, utegerezwa gusaba uruhusha. Umuntu asigaye yiyumvira nizere nde ndeke nde ? Nca mpanga amaso Imana. Nabitwa bese ko twari dusangiye wanashaka mu bintu vy’imigambwe ati nibo bodushigikiye bamwe bamwe, bamerewe neza gusumba abandi, nibo babaye abambere mu kwonona ibintu. Ntimuze mubeshere emwe abanyamigambwe bari ngaha ntimuze mubeshere abari muri opposition emwe mwaragakoze namwebwe emwe iki kintu co kwihana, banyagihugu mwadutoye mutugirire ikigongwe kuko ntabwo mwadutoreye kuja kwiha amenyo y’abatwenzi, ivyo vyose Imana ikabibona.Ndababwire, hari ikintu kimwe cakoretse mu kwezi twimirije ikoraniro kaminuza ry’umugambwe wacu, hamwe nsigara meze nka kwa kundi Yesu bari bamudandaje bamufashe bamuha igiti ntiyafashwe n’abandi (.....) “7min 9sec”, abitwa ko bari bamuzi neza nibo

bagiye nyene, ndibuka neza yuko twagiye gukora inama hari inama twakoze itaranaba dusanga ivyo bashaka ko bivugwa, baba babishize ku ma radiyo kandi atanakimwe twavuze. Kubera iki ? Imana yashaka kunyereka neza yuko abantu ni bantu, Imana yo yonyene niwe mwizigirwa gusumba abandi bose. (Amashi)

Bigaca binyibutsa rero Imana igaca imbwire ati eee !!! ntutangazwe nivyo erega n'umwami wacu Yesu Christo ntabwo ubwa mbere yarwanijwe n'abandi, yarwanijwe n'abantu bitwa ngo n'abantu b'Imana, abakozi b'Imana, n'abandi bitwa ngo n'abaherezi bakuru ati :eeeh !! niko vyagenze !! ati kandi ntubifate minenegwe nibo banamwirutseko ahejeje no kuvuga ubutumwa bwiza yabahaye imikate n'amafi baciye bamwirukako ngo bamuhige ngo bamwice. None birinze biba ku mwana w'Imana ari Imana nyene hari akantu jewe naho. Mu biro iwanje muri presidence abantu basigaye ku musitari ni abantu bari imparurwa, hamwe uciye imbere yabo ukiyumvira uti ukamengo uri ikimaramare. Ba bandi twakoranye imyaka ingahe ukiyumvira ugaca bamwe bose bariko barivugira bati: reka reka reka (...) "8min 12sec" erega niwe usigaye wenyene, niwe ugisigaye wenyene.

Turaja rero mu bintu bijanye no gutora uwuzoserukira umugambwe mu matora y'umukuru w'igihugu, ndababwire zari intambara zikomeye cane, hamwe vyose bicanganya abantu bigacika urudubi. Ugasanga umuntu atari no muri abo bantu ariko arapanga, amarira y'abantu bato bato ntashobora kugendera ubusa imbere y'Imana. Aba bantu barajuragijwe, bakajuragizwa mu kibano, bakajuragizwa mu madini barimwo, mu masengeru barimwo, ariko baguma ku mavi barasenga, ngabo abantu batahemutse n'umunsi n'umwe. (Amashi)

Bagumye ku mavi, ku geza naho bababwira bati mwihende mwihende ngurya. Namwebwe mwabaye abagabo nyabagabo imbere y'Imana. Baritunga neza bati induru yabo yavuga itaba twebwe turaza kandi tugusanga harya nyene harya nyene i bujumbura turaza amaruru ariko aravuga baraza neza barabitunganya mu kwezi kwa kane baca baritahira. Turabashimiye cane kubera yuko mwagumye mu masezerano y'Imana cane cane abanyagihugu aba benewacu bo ngaha mu mitumba n'abandi batari bake harya mu gisagara bagumye ku mavi badusengera mu mpwemu no mu kuri. Abantu benshi turikumwe ngaha nta muntu numwe yoba aciyumvira neza yuko mu gihugu cacu c'uburundi harabantu bokwiyumviriye gutembagaza ubutegetsu nanje sinavyemera kandi n'imana ntivyemera mugabo mugihejeje kuvyemeza kurya nyene umuntu yarazi neza kwa bantu gusa baguma bitembere biyirukira harya mw'ibararabara tuzi gusa ko ari ukwiyirukira gusa.

Aho rero ndababwire muri ayo mezi ane aheze, ukwa mbere gushika mu kwa kane niho twaronse abashitsi benshi cane, bavuye mu bihugu vyinshi baje kuraba ivyo uburundi. Abanyamahoteli baronse amafaranga menshi, amasezerano twari tuyazi tuyafise neza cane. Nashaka kubabwira neza yuko, muri abo bantu baza bo hanze, twaciye mu bihe nka vya bindi satani yagerageza Yesu, akavuga ati rero wewe uri mwana w' Imana rero duga harya kw'isengero nawe warare. Hari abantu baje kumbwira bo hanze bavuga ati: ibi bintu bireke tuguhe ibi nibi (achat de conscience), igiturire mpuzamakungu. Ibi bihebe tuguhe ibi kandi vyinshi. Bamwe babizigirwa narababwiye ati: barya bantu mwababonye ico baje kumbwira heba ibi tuguhe ibi. Ntabwo ari ingorane y'ikibanza, ni ukwihenda cane kwari ugusenyanya vyose, tugatangura; abantu bakicana bakamarana muri kino gihugu kuburyo budasanzwe kwari ugutatagura, ugutatagura gusambura (...) <10 min 39 sec> abantu bakicana bakamarana, amaraso agaseseka ntakindi heba birya ibi vy'abanyagihugu bawe bihebe birya uze muri ibi tughaye, banzako agasakisaki Imana yo mw'ijuru niyo ibizi. (Amashi)

Muri ayo mezi ane nashaka kubabwira neza yuko nshimirimana Imana cane gose yuko muri iryo bohero abantu bose narasenga Imana ku buryo Imana yambwiye iti uyu ni umutego, uyu ni umutego, uyu ni umutego, uyu ni umutego. Twari dufise impamba ikomeye twari dufise.... Ni iyo mpamba itugejeje aha uno muni tugeze. Hari abantu benshi kw'isi nzima, aba mubona baserukira abandi muri za amerika, za buraya za Aziya, za Australiya, muri Africa basenga mu mpwemu no mu kuri batarya bataryama atakindi bakora basengera twebwe igihugu cacu c'Uburundi. (Amashi)

Muri aya mezi ane Imana yambaye hafi mu buryo budasanzwe, naho vyari bimeze uko nyene, nari mu bwiza bw'Imana bukomeye cane. Ntihagire umurundi mwenewacu azohirahira ngo acutse agatima ko guhemukira Imana, no guhemukira abanyagihugu. Ivyo bintu uze uvirinde ivyo bintu bibiri. Nico gituma uno muni rero mwano mezi ane rero amezi ane ya mbere abantu bambaye hafi, Imana yambaye hafi, abanyagihugu mwebwe, ngaha mu mitumba aha hirya no hino nimwebwe mwambaye hafitwagumye turikumwe namwe kuburyo ntiyumvira ati none abanyagihugu nitwabahemukira bigenda gute? Ndavye ukuntu nitanze nkakora, sinari nzi neza yuko hari umuntu jewe bovuga ngo urya muntu baramutembagaje bagaca banywa ibiyeri, ntavyo niyumvira. Hari abantu bakoze iminsi mikuru, baranywa baraborerwa sinavyiyumvira jewe

kuko Imana yari yaravuze ati :“nzokwereka mpamagara ndakwitaba nkwereke ivyo utari bwabone.” Abantu baranyoye baraborerwa mugabo Imana yacu ni inyabushobozi zagiye kubavako basanga Imana yahinduye ibintu. (Amashi, induru z’umunezero)

Ni Imana yabihinduye, ni Imana yabihinduye si jewe, niwizera abantu gusumba Imana uragowe. Banza wizere Imana ubwa mbere, izotuma n’abandi mukorana neza, Imana ibahezagire cane. (Amashi)

Amategeko ajanye n’umugwi ujejwe amatora washigwaho ugwanywa hama dushiraho n’umugwi ubijejwe ukagwanywa, uwo murwi ugashiraho abandi babaserukira mu ma commune no mu ntara bikagwanywa, twatangura kwandika ngo zimya vyose ngo futa vyose. Nta kintu nakimwe ugiye kuraba ntaho vyasa bisana n’ikibanza canke ikiringo c’iwacu kuko iyaba ari ikiringo vyose vyari kugenda neza bidataguye hataragera. Habaye ibintu vyinshi cane vyo gutatagura ibijanye n’umurwi ujejwe amatora kuko inyuma yaho vyaciye bigaragara neza naho tutaba duteye intambwe, umwansi satani wewe yaciye akora yivuye inyuma kugira ibikoresho vyose igihugu gifise vyokoreshwa kugira amatora agende neza bisambuke vyaciye bitangura. Bitanguye rero, intambara nagize mu mutima w’iwanje nuko hageze ico gihe ndibuka neza tukiri ku rugamba umwaka w’ibihumbi bibiri na rimwe (2001) nibwo bwa mbere twafashe ingingo yuko Imana ifise ikibanza ca mbere mu muhari iwacu, hanyuma ico gihe iyo ngingo ifashwe ubwa mbere, uwo batoye yategerezwa guca arahira afise igitabo c’Imana mu ntoki ngo : “ ndarahiye imbere y’Imana mushobora vyose, n’imbere y’abanyagihugu ko ntazobahemukira kandi ko ntazohemukira Imana » sinzi ko abantu bibuka neza ijambo navuze turi mw’ikoraniro kaminuza navuze ati: ubu rero ko mwemeye mu kanshira imbere hako guhemukira Imana no guhemukira abanyagihugu nopfuma nigwira mu maboko y’iki? Y’Imana, niko nababwiye. (Amashi)

Ku muni ku muni n’abandi bantu bafise iyo ngabire yo kubona no kubona ibihe, twarabona neza yuko inyuma y’umwaka w’ibihumbi bibiri na cumi na kabiri (2012) tuvuye muri yubire y’imyaka mirongo itanu, hari umugambi mubi wari watanguye, wo guteranya abanyagihugu hari ibintu vyinshi vyagiye biraza mutazi, vyagiye birakoreshwa kugirango ngo abarundi bacanemwo, abarundi baryane kwa kundi kwa kera, bicane bapfa ubwoko, bapfa intara, kugira ngo tuze dushike mu bihumbi bibiri na cumi na gatanu (2015) ata mahoro ahari.

Kandi ivyo bintu vyinshi mwaravyumva, canke mu kabibona vyanditswe. Bisigura yuko twari tugeze mu mwaka w'ibihumbi bibiri na cumi na gatanu vyari vyatanguye mu mpera z'umwaka w'ibihumbi bibiri na cumi na kabiri (2012). Muti gute rero, vyinshi vyari bigaragara mu bijanye na vyabindi bijanye no kurenganura abanyagihugu ariko nashaka kubabwira neza yuko, ico kiri mu bintu vya mbere bikomeye vyatuma satani ahaguruka kugira ngo ntihagire abarundi bosubiza hamwe. Uwufise umutwe woroshe yarabigwamwo, kuko satani araba imitwe y'abantu ukuntu imeze. Abantu bafise imitwe yoroshe cane cane twasanze ari uduce tumwe tumwe tw'i Bujumbura, kuko hari ubushuhe bwinshi (agatwengo). Twaravuze tuti :“ ko mudushize imbere rero, isentare ijejwe kwubahiriza ibwirizwa nshingiro niyasanga ari vyo, tuzobandanya nitasanga arivyo naho, ntituzobandanya . Ivyo twarabivuze. Kubera ko satani yaravyumvise, yari yateguye ibindi, baciye bakora umuvurungano ukomeye cane wokuraba ukuntu batatagura isentare ijejwe kubahiriza ibwirizwa nshingiro.

Ndashaka yuko twokomera amashi cane abantu bagumye kwibanga bahagariwe n'Imana mu kwubahiriza ibwirizwa shingiro. (Amashi)

Ni ukuri bahagaze rugabo, turazi intambara bagwanye ba bandi banye bavuga, barabirutse inyuma uwufise umutwe woroshe yaguye mu mutego. Turashimiye Imana yuko rero yaduhaye abantu b'abagabo bahagaze rugabo mubajejwe no kwubahiriza sentare yubahiriza ibwirizwa shingiro babaye abagabo nya bagabo kandi abo bantu mubasabire umugisha muze mubasengere, bahagarara (rugabo) <sup><16 min 4sec></sup>nka barundi twebwete ati twebwete ntidushobora guhemukira ca gihugu twama turirimba ngo Imana yakuduhaye ikudutungire.

Turanasenga Imana, ukoba barwanya kuko baratubwira ati : turarembejwe abantu baturiko, abarundi n'abanyamahanga baturiko bivemwo canke turabarasa turabica. Turavuga tuti : Turabasengera hirya no hino turabasengera shikama turabasengera twarabasengeye kandi turisonzesha kenshi cane, nsinzi ko mwoba mubizi na jewe ubwanje narisonzesheje indwi n'indwi nisonzeshereza urwo rugamba rwari rugeze. Kandi nashaka kubabwira neza yuko amasengesho yari abiri imbere y'Imana, harimwo n'abasenga ati bisambuke ati : sambuka vuba vuba, abandi tugasenga tuvuga tuti : komeza urwego kugira dutere intambwe, Imana yabaye mu ruhande rwacu rero, yabasanze neza (Amashi + akaruru k'umunezero).

Ivyo bihavuye, noneho ati rero, yuko umutego waruhabaye uhavuye, reka rero ibisigajwe kwemezwa naciye ntwara dossier hariya muri ba bandi bajejwe gutunganya amatora ndayijana, kuyishikanayo ntibihagije kugira ngo yemezwe n'ikindi kintu, ubwo nyene nkishikayo, baca bateza uwundi muvurungano, babagenza kwakundi nyene. Bara barya umitima, barabakongataza, amafaranga, itera bwoba, turabica tugira gute, turasenga, twese turabasengera, abafise umutwe woroshe barabivuyemwo. Kandi nta mugisha barimwo, eka nta mugisha, nta mugisha barimwo, kwa kundi nababwira bambwira ati turaguha bino bintu ubivemwo. Mbe ivyo bintu woronka wivanguye na bene wanyu vyokumarira iki?

Turasenga Imana, abandi barasenga. Imana yagiye mu ruhande yabasenze mu kuri no mu mpwemu iba mu ruhande rwacu none ho wa murwi uguma ukomeye nabavuyemwo barasubirizwa birakunda (Amashi).

Iyo ni Imana yabikoze, abiyamamura baca baratangura kwiyamamura rero, barakovyva barakovyva twari tugeze no gutangura rero ukwiyamamaza, bamwe bakiruka bambaye ivyatsi, natwe tukiyamamaza twambaye impuzu zera, aho si Imana yari ihari, nashaka kubabwira neza yuko, birya bintu mubona vyatanguye mu bantu babasenzi, mu bantu bagendereza neza ibintu ntaho vyasa bisaniye na gatoya n'ibintu bijanye n'ikiringo, kuko inyuma yaho gatoya mu kwezi kwa gatanu, icari cinyegeje inyuma y'ivyo bintu vyose caciye kiboneka. Cabaye igiki? (...) <sup><18 min 22 sec></sup> Cabaye igikomeye, nuko babandi twabona twahora tubona biruka, twongeye kubabona umwanya mutoya, noneho bataciruka bari hejuru y'imodoka z'ingwano, ukibaza ivyo bintu uko vyaje ukabibura.

(...) <sup><18min 37 sec></sup> wa mwana wahariya iwacu muhira, Imana yari yamukoresheje akabitubwira mu kwezi kwa kabiri, vyagiye gushika twebwe haciye amezi atatu tubisenga turi ku mavi, ijambo twaronse riri muri Esteli 9 :1, zari itariki 13 kuko vyaciye bihwanirana (...) <sup><18 min 55 sec></sup> vyaciye biba confirmation le 13 ati ibintu birahinduka, shibuka fata urugendo. Urwo rugendo rwari mu mayira abiri, rwari hagati y'ugupfa no gukira, kuko bukeye mu gitondo tugiye, nkuko nama ndabigenza ndazinduka nkasenga nkasoma ijambo ry'Imana nkagenda vyagenze uko nyene. Hama tugenda kuri Aeroport indege yashitse, turagenda nta numwe abizi, nagiye mu ndege ndasenga ndisomera ijambo ry'Imana nkuko nama ndabigenza protocole arabizi, turagenda dushika hariya, iyo nama yari yagiyemwo abantu utibaza umuntu



yabatumiye uwariwe ? kuko bari bazi ikintu kiza kuba booose niyo bari. Ba bandi murabazi, benshi cane, ni abarundi bene wacu si abanyamahanga ni bene wacu. Ntubona tugishitse rero mw' ihoteri nca nishikira mu cumba, ubwo nashitse nisengera gusa, yaraje ansanga mu cumba ndiko ndasenga wambwiye ngwiki ? Yaraje arambwira ariyumvira ukuntu yobivuga umu protocole araza arugurura azi ati donc... Imana ishimwe cane kuko n'inama yaratevye y' abakuru b'ibihugu, imaze guteba rero, mba ndisomera ijambo ry'Imana mba ndasenga kandi nari nisonzesheje ico gihe, ndasenga Imana, ndasenga Imana nca ndonka ijambo twaronse uno muni mu gitondo rya rindi ryerekana yuko habaye akumiza ku musozi karumeri "Uno muni bimenyekane ko ariwe Mana , Mana y'Aburahamu , Mana Ya Isaka ,Mana ya Isirayeri".Ati uno muni bimenyekane kwariwe Mana mu Burundi, Amen. (Amashi +Induru)

Niryo jambo naciye ndaharonkera. Ha ruhande ya rya rindi, hari iryo twavanye muhira, n'irindi naciye ndonkera hariya. Mu gitabo ca mbere c'abami 18 : 36-39, ngo uno muni bimenyekane ko ndi umusavyi wawe, kandi yuko nkoze ibi vyose , ndababwire , nkoze ibi vyose kugenda I Dar –es-salaam kubwo ijambo ryawe; ko narironse mw'ijoro , genda ivyo gusiba nti vyari birimwo, hubwo gusiba, vyari gutera ingorane cane gusumba. Araza kumbwira ati : urabizi ga mugenzi, ati vuga twumve, ati: harabaye coup d'Etat, urazi uko naciye ndamwishura ati : niho ukibimenya? (agatwengo), niho ukibimenya? Burya rero amaze kubimenya, naciye ndamubwira ati nivyo rero, ca ugenda utegure indege ubabwire ko twebwe dusubiye inyuma, niko naciye ndamubwira ati genda ubabwire aba pirote tugira dusubiye inyuma nta kindi. Hanyuma rero, imbere yo gusubira inyuma, aragenda aratunganya aba pirote barafata indege neza, barayishira ku musitari abandi bagiye mu nama, inama ica irakwama, iyo nama sinayikandagiyemwo kuko nariko ndasenga (agatwengo). Ndiko ndagenda,(...) <21min 15 sec> turagenda twinjira mu ndege, turahaguruka turagenda, tumaze iminota mirongo ine mu kirere, nca mbwira protocole ati nzanira ya bibiliya mbe ndasoma ijambo ry'Imana, ati twayibagiye.Ee ,twayibagiye !!! Haciye iminota itanu (baca batubwira ku kibuga c'indege ati) <21 min 30 sec> batubwiye ko dusubira inyuma, ati habavye. Urumva ukuntu Imana ikora ? Nariko ndiyumvira, nagiye mfise ijambo ry'Imana, nari kuronka irindi mu ndege, none (bayibagiye)<21 min 40 sec>. Imana ica ikatisha indege ati subira inyuma nyabuna hama rero bica biramfasha kuja gusubira kuyitora ; kumbe ni integuro y'Imana. Mbe murumva ukuntu Imana ikora ? (amashi). Ijambo ry'Imana niryo ryankijije , hama hageze kugaruka nca ndaryibagira ? Nsubiye inyuma rero, nshika bwije indege iza kururuka mu masaha sa mbiri ya

hariya, ni saha samoya yino. Hama yururutse, urumva umuntu, abantu bamaze kuvuga ayo majambo, bimwe vy'ivyubahiro nturinda kubiraba, kwari kwinyororombera gusa, (agatweno gato) nyororomba tuuu aaaahaha (agatwengo kenshi). Kwururuka allé, aka modoka ngaho gasanzwe ntavyama benzi (vyabindi) <22 min 14 sec> aka modoka gasanzwe, kwicisha bugufi (agatwengo).

Ko nari menyereye (no gukora) <22 min 19 sec> no kubumba amatafari jewe, hari ingorane?

Duca turagenda mari mari n'ahandi hantu, urazi abantu bari basavye imibonano rero, (bari basanzwe babizi) <22 min 25 sec> imibonano haa (...) <22 min 28 sec> nca nifatira akandi gahoteri kabayabaye, hamwe udashobora nukumenya n'ikintu nakimwe, kwicisha bugufi nivyoye, ni vyiza cane.

Ndiko ndasenga, (nsengera Imana cane) <22 min 38 sec> kuko twarasengeye abasirikare n'abapolisi yuko, uwu muni Imana ize yiyerekane ko ari Imana mu basirikare no mu bapolisi kandi, (kandi vyagenze ukonyene) <22 min 44 sec>. Dukomera amashi Imana yacu, n'abasirikare, n'abapolisi bacu (amashi). Ivyo bakoze urya muni bo nyene ubwabo barashinga intahe yuko vyakozwe, sibo bonyene, basanzwe ari abahizi, mugabo bari kumwe n'Imana, ivyo ndabishingira intahe, kuko nta na hamwe vyabaye kw'isi, vyagenze kurya mu mwanya mutoya bikaba biheze, nta muni numwe, kandi bikaba ata banyagihugu babiguyemwo. (amashi)

Satani yarashaka ko maraso aseseka igihugu cose c'uburundi, abantu bakicana bakamarana, nivyoye yashaka, ariko kubwo amasengesho, kandi ndashimiye n'abandi basenzi bese, basenze mu mpwemu no mukuri, Imana ni Imana, ni Imana. Abasirikare n'abapolisi bakoreshejwe ibikorwa bitanganje bikomeye bakoreshejwe n'Imana ku buryo icyo ntahe ntashobora (kubibwira) <23 min 30 sec>. Muri ba bandi bamaze nyene bamaze kubafata, abo nyene baravuze, bati ko ibi bintu aho twabiteguriye, bikaba bigenze uku, ati ya Mana Petero Nkurunziza asenga niyo !! (Amashi + induru) Niko bavuze kuko abo bagabo mubona nk'abakoreshwa n'Imana abo mubona, abo mubona, abo basirikare n'abapolisi iyooo, muze mubaze itariki 13 inkuba zarasanye mu gisagara ca Bujumbura hamwe abantu bahungura amatwi, n'abandi bahora mw'ibarabara ntawuzi icyo bacye banyegera. Uwuzobavyoronga ntaze abanze jewe ndababwiye, (aha mfise) <24 min 00 sec> amabanga menshi cane yabo, reka reka

reka reka reka reka, ntauwugwana n'Imana ngo ayishobore. (...) <24 min 07 sec> uko vyagenze muri ako ka joro nukubandanya, kuza kuza kuza ivyo bizi jewe n'Imana yanje, ntimumbaze vyinshi ivyo onye ntibibaraba. (Amashi +Induru) Hanyuma rero Imana iba hafi yanje, muri ayo marushwa, murizo ngorane, wanashaka icostume zose (cini) <24 min 30 sec>, aha twambaye ama costume na cravati uku unye rimwe na rimwe, aahh reka reka reka reka haa (induru+ agatwengo).

Ikintu ca mbere (twacyiye dukora kwari gukura) <24 sec 40 sec> ayo makoti gukura ayo macravati, nukurondera impuzu ziciriritse cane, za bitanu, za bitanu zihuta. Aho rero sinababwiye ikintu kimwe, bikivugwa ba bandi bari basanzwe babizi iyi n'inkuru y'imvaho; birababaje nk'umuntu, abatama bakuze n'imvi ubwo nyene bari babizi bumvise ko babivuze bacyiye batangura kunywa, kandi baje mu nama, batangura kunywa guhera saha sayine, satanu, sivyo? Baranyoye inzoga gushika mw'ijoro, baranywa (ntibamenyeko) <25 min 13 sec> nanje ndi mundege. Baca baramenya ko indege yagarutse ati karabaye harya, bagaca biyongera menshi menshi, bariyongera, bariyongera kugeza naho baborerwa bamwe biranka nuko bava aho bariko baranywera iyo n'inkuru y'mvaho. Baraborerwa, baragira iminsi mikuru yuko vyatunganye kandi nibo bantu twafasha hewe, benshi bari baranibagiranwe. Hama murako kaborerwe rero, niho nanje nariko ndagira moja mbiri turi kumwe n'Imana moja mbiri, moja mbili, moja mbili baza kwisanga mu gitondo bikanguye nanje nageze muhira data wanje. (induru) + (amashi) uri Mana yacu.(amashi) Ibi ndabishimira Imana navuze ati sinzohemukira(...) <26 min 00 sec> sinzohemukira abanyagihugu(...) <26 min 02sec>, ninashaka mpfe mugabo mpfe sinshobora guhemukira Imana, sinshobora n'abanyagihugu. Ndayomboka, ndayomboka, ndayomboka, ndayomboka, ndayomboka, ndayomboka, saha mbiri z'ijoro hama rero ndagenda, niyambariye n'inkofero natwa duhuzu twa bitanu nca ndugurura umwango ati Yesu Ashimwe! (induru + amashi). Abariko barasenga bose, umufasha wanje na ba bana bose, bariko barasenga bose, baca basimbira mu kirere n'umunezero mwinshi cane, Imana yari ibanezereje(Amashi).Ndababwire iyaba atari Imana n'amatora ntiyari kuba na campagne n'ukwiyamamaza nti kwari kuba hari kwiyamamaza nde? None kuwutera igikumu ko abantu biyamamaza ko ari jewe, bamaze kunyirukana vyari kugenda gute? Nico gituma mu gushima kw'iwanye na mwebwe abashingamateka n'abakenguzamateka mumenye neza ko aho muhagaze uno muni ni ukubera ubuntu bw'Imana.

Umusi wa mbere natanguye campagne, ndinda ndayiheza, ivyo nabonye mw'ino campagne sinigeze ndabibona murizo campagne. Aho nagiyeye hose, nasanga abanyagihugu bisuganiye mu kuturonsa ingabire, amaka, inka naronse ntiziri musi ya mirongo itanu nahawe n'abanyagihugu mwebwe nyene: (amashi) inka 50 , Impene nyinshi nyinshi , intama nyinshi nyinshi, barashiramwo n'inkoko , barashiramwo n'inkwavu, barashiramwo n'ama dendo n'inuma barashiramwo (vyose) <sup><27 min 25 sec></sup> . Twabunze mukwizera Imana twabonye mu bihe bigoye bisumba ibi turimwo. Tugeze mu kwezi ku munani inzego zose zirajaho, ndababwire mwebwe nta bantu bababwiye neza ko ata mukuru w'igihugu azorahira? Yararahiye canke ntiyarahiye? «Yararahiye (amashi meshi). Mwakire umunezero w'Imana Amen, munezerwo namwe, uho vyakabereye ni kera Amen